



Department of Finance

# Pwoteje Kay ou

Fwod nan tit pwopriyete se yon krim ki grav  
*Nenpòt moun kapab tonbe viktim nan sa*

Men kèk konsèy itil pou evite **OU** tonbe  
viktim fwod nan tit pwopriyete!

Si w panse ou se  
yon viktim deja

**AJI**  
**VIT!**

Men etap pou obsève pou retabli tit kay ou

# Kèk Konsèy pou Ede w Evite Tonbe Viktim Fwod Pa kite vòlè pran pwopriyete w

## Tcheke dosye pwopriyete w chak ane



Konekte sou sitwèb [www.nyc.gov/finance](http://www.nyc.gov/finance) pou asire w pa gen tit pwopriyete oswa ipotèk ke w pa konnen ki anrejistre sou pwopriyete a.

Pou kliyan Staten Island yo, rele biwo Grefye Konte Richmond nan nimewo 718-675-7700.

## Pa kite kay ou san pa gen moun ladan l.



### Èske w ap vwayaje?

Mande yon zanmi oswa yon manm fanmi w ou fè konfyans pou pran lèt ou oswa pou yo pase tcheke kay la souvan pou ou.

## Tcheke tit ou ak polis asirans ou



Si li kouvri fwod nan tit pwopriyete, yo kapab ede w avèk frè legal yo.

## Enskri gratis nan pwogram avi pou dokiman ki anrejistre a

# ACRIS

W ap resevwa avi nan tèks oswa nan imèl nenpòt lè yo anrejistre yon dokiman sou pwopriyete ou. Ale sou sitwèb [www.nyc.gov/finance](http://www.nyc.gov/finance)

## Kontakte Depatman Finans



Si w sispann resevwa bòdwo taks kay ou ak bòdwo dlo ou, oswa si bòdwo sèvis piblik ou yo ogmante toudenkou.

## Èske w menase ak degèpisman? Tcheke referans yo.



Pa bliye ke se sèlman Marechal oswa Cherif Vil New York ki egzekite manda degèpisman yo.

## Atansyon



ak rekòmasyon ki vini de yon moun ki gen enterè dirèk nan pwopriyete w la, tankou yon avoka ak yon ajan imobilye. **Vòlè ki patisipe nan fwod nan tit pwopriyete opere an gwoup.**

## Asire w ke Depatman Finans gen adrès postal kòrèk la



pou oumenm oswa moun ki ta dwe resevwa avi yo sou pwopriyete a.



## **Kisa pou fè si w Panse ou se yon Viktim Fwod nan Tit Pwopriyete**

### **1. AJI VIT!**

2. Rapòte fwod la bay depatman Cherif VIL NOUYÒK imedyatman.
3. Jwenn yon kopi sètifye dokiman fwod la nan biwo Rejis Vil la.
4. Rapòte krim nan bay biwo Pwokirè Distri a nan minisipalite kote pwopriyete a ye a.
5. Kontakte yon avoka pou konfime pwopriyete a se pou ou.

# Èske w gen Kesyon Konsènan Fwod nan Tit Pwopriyete?

**RELE:**



**OSWA**

**KONTAKTE**



**BIWO CHERIF VIL NEW YORK  
SÈVIS ANKÈT KRIMINÈL**

**(718) 707-2100**

**Imèl: [taxcop@finance.nyc.gov](mailto:taxcop@finance.nyc.gov)**



**ERIC ADAMS, MAJISTRA | PRESTON NIBLACK, PH.D., KOMISYONÈ  
YON SÈVIS KLIYANTÈL KI ONÈT, EFIKAS, EKSEPSYONÈL AK TRANSPARAN**